



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 27 septanm 2014

GOUVÈNÈ CUOMO RIVE NAN AFGHANISTAN AVÈK YON DELEGASYON GOUVÈNÈ KI SOTI NAN TOULÈDE PATI YO

Pandan vwayaj la. Gouvènè Cuomo ap resevwa yon seri seyans enfòmasyon nan men Otorite Depatman Defans Etazini sou kesyon lit kont teroris, ki enplike menas mondyal

Gouvènè Cuomo ap rankontre avèk twoup New York ansanm avèk lòt twoup ameriken yo— sa ki gen ladan twoup yo nan Fort Drum, 10^{yèm} Divizyon Mountain NYS – pou remèsye yo pou sèvis yo

Apeprè 270 manm nan Gad Nasyonal New York ak 900 manm nan 10^{yèm} Divizyon Mountain Fort Drum aktyèlman stasyonè nan Afghanistan

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te rive nan Afghanistan avèk yon delegasyon gouvènè ki soti nan toulède pati yo sou envitasyon Depatman Defans Etazini, ki pwomote vizit la. Pandan vwayaj la Gouvènè Cuomo ap resevwa yon seri seyans enfòmasyon nan men wo fonksyonè yo ki nan Depatman Defans Etazini sou kesyon lit kont teroris, enplikasyon menas global ki afekte sekirite New York a domisil, ak lòt kesyon ankò. Gouvènè Cuomo pral egalman rankontre avèk twoup New York ansanm avèk lòt twoup ameriken yo ki aktyèlman stasyonè nan Afghanistan – enkli twoup yo ki nan Fort Drum, 10^{yèm} Divizyon Mountain New York– pou remèsye yo pou sèvis yo.

“Pandan yon peryòd preyokipasyon entansifye sou kesyon sekirite, nap travay etwatman avèk patnè federal yo pou ogmante preparasyon a domisil nan New York epi pwoteje sitwayen nou yo kont menas teroris mondyal. Anmenmtan, nou pa dwe janm bliye kouraj ak sakrifis kontinyèl mnam militè nou yo kap travay aletranje, ki te angaje lavi yo pou defann peyi nou an,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Se yon gran onè pou m delivre yon mesaj sipò pèsònèl pou gason ak fi an inifòm nou yo ki aletranje: New York kanpe dèyè ou.”

Pèsonalite ki te fè pati de delegasyon bi-patizan Gouvènè Cuomo a nan Afghanistan se Sekretè Lame Brad Carson, Gouvènè William E. Haslam (Tennessee), Gouvènè Jeremiah W. Nixon (Missouri), Gouvènè Brian E. Sandoval (Nevada), ak lòt otorite nan Depatman Defans lan.

Sekretè Defans Chuck Hagel te envite Gouvènè Cuomo nan Afghanistan. Akoz rezon sekirite, yo pat kapab divilge vwayaj la an piblik alavans.

Apeprè 270 manm nan Gad Nasyonal New York aktyèlman te deplwaye nan Afghanistan – men pi gran pati a baze nan Hudson Valley ak vil New York. Anplis, apeprè 900 manm nan 10^{yèm} Divizyon Mountain Fort Drum estasyon nan Afghanistan.

Vandredi 26 septanm nan aswè, Gouvènè Cuomo te rive nan Washington, DC apati New York. Nan sware a, li te resevwa seyans enfòmasyon sou sekirite nan men ofisyèl Depatman Defans Etazini yo anvan li te kite apati Baz Andrews Air Force e li te vwayaje pou Baz Ramstein Air an Almay an wout pou Afghanistan.

Gouvènè Cuomo te rive an Almay nan samdi, 27 septanm. Pandan li an Almay, Gouvènè Cuomo te vizite Sant Medikal Rejyonal Landstuhl, kote li te rankontre avèk pèsònèl lopital la ak manm sèvis militè ki blese yo. (Wap jwenn foto vizit Gouvènè Cuomo nan Sant Medikal Rejyonal Landstuhl ki disponib [la](#).) Gouvènè Cuomo te vwayaje apati Baz Ramstein Air a Afghanistan – li te rive Afghanistan samdi swa nan lè lokal (Afghanistan gen 8:30 èdtan alavans sou lè New York).

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

WE WORK FOR THE PEOPLE
PERFORMANCE * INTEGRITY * PRIDE